

## **BAB II**

### **KAMEKARAN, CIRI, JEUNG UNSUR CARITA PONDOK**

### **DINA KARYA SASTRA**

#### **2.1 Karya Sastra**

Nurutkeun Iskandarwassid (2003: 138), karya sastra téh nya éta karya seni anu digelarkeunana ngagunakeun alat basa.

Pamadegan séjén ngeunaan sastra ditétélakeun ku Sumardjo jeung Saini K.M. (1998: 3) yén, “*Sastra adalah ungkapan pribadi manusia yang berupa pengalaman, pemikiran, perasaan, ide, semangat, keyakinan, dalam suatu bentuk gambaran kongkrit yang membangkitkan pesona dengan alat bahasa.*”

Aristoteles (dina Koswara, 2005: 4) nétélakeun yén sastra téh nya éta kagiatan utama manusa pikeun néangan jati dirina, di sagigireun ngaliwatan kagiatan séjéenna saperti agama, élmu pangaweruh jeung filsafat.

Dumasar kana sababaraha pamadegan di luhur ngeunaan karya sastra, bisa dicindekkeun yén karya sastra téh nya éta hasil karya manusa nu mangrupa ide, gagasan, pikiran jeung perasaan anu digelarkeunana ngagunakeun alat basa tur bisa nimbulkeun rasa sugema (kani'matan) nu macana.

#### **2.2 Papasingan Karya Sastra**

Karya sastra bisa dipasing-pasing dumasar kana wangun, warna karangan,

jeung media anu dipaké pikeun ngagelarkeunana.

Nurutkeun Iskandarwassid (2003: 138-139), papasingan karya sastra téh ngawengku:

#### **a. Dumasar Wangun**

- 1) Prosa atawa wangun lancaran
- 2) Puisi atawa wangun ugeran
- 3) Carita drama

#### **b. Dumasar Warna Karangan**

- 1) Dongéng
- 2) Skétsa
- 3) Carita Pondok, jeung
- 4) Roman atawa novel

#### **c. Dumasar Media anu dipaké pikeun ngagelarkeunana**

- 1) Média tulis, jeung
- 2) Média lisan

### **2.3 Carita Pondok**

#### **2.3.1 Wangenan Carita pondok**

Carita pondok nurutkeun Iskandarwassid (2003: 13) nya éta karangan (tinulis) rékaan atawa fiksi dina wangun lancaran, prosa naratif. Galur caritana

relatif basajan lantaran jumlah kajadian utama, mangrupa hiji “episodeu”, palakuna ogé ukur dua tilu.

Rusyana (1981: 44) nétélakeun yén carita pondok nya éta carita anu parondok, kaharti ku akal. Palakuna, jalan caritana, tempat jeung waktu kajadianana diréka lir anu enya kajadian.

Salian ti éta, aya pamadegan séjén nu ngaguar carita pondok dumasar kana jumlah kecap nu dipaké tur waktu anu dibutuhkeunana dina maca caritana. Jakob Sumardjo jeung Saini K.M (dina Koswara, 2005:36) nétélakeun yén carita pondok téh nya éta carita dina wangun prosa anu relatif pondok. Ukuran pondok didieu hartina bisa dibaca dina waktu kurang ti sajam. Lian ti éta, carita pondok ukur boga éfék tunggal, karakter, plot jeung *setting* anu *terbatas*, teu *beragam*, jeung teu kompleks.

Jadi dumasar kana pamadegan di luhur, bisa dicindekkeun yén carita pondok téh nya éta tulisan atawa karangan dina wangun prosa anu sifatna rékaan (fiksi) tur galur caritana relatif basajan jeung pondok.

### 2.3.2 Kamekaran Carita Pondok

Aya sababaraha buku nu geus ngaguar ngeunaan kamekaran carita pondok, diantarana nya éta *Diktat Kuliah Sejarah Sastra* (Ruhaliah), *Pangajaran Sastra Sunda* (Budi Rahayu Tamsyah), jeung *Racikan Sastra* (Dedi Koswara). Data-data ngeunaan hal ieu katitén dina keterangan ieu di handap.

Carita pondok sastra Sunda mimiti gelar dina abad ka-20. Ari anu jadi rawayan (jambatan) sarta boga jasa gedé dina mekarna carita pondok Sunda nya éta media citak nu mangrupa majalah (utamana) jeung kalawarta atawa koran. Ku sabab kitu carita pondok sok disebut sastra majalah. Tarékah urang Sunda pikeun ngamalirkeun karanganana ku jalan ngadegkeun majalah *Papaés Nonoman* (1915), *Padjadjaran* (1918), *Volksamanak Sunda* (1919), *Pustaka Sunda* (1923), *Sipatahoenan* (1923) nu engkéna jadi surat kabar *Parahyangan* (1929), jeung *Panghégar* (1952). Lantaran karya sastra réréana dimuat dina surat kabar *Parahyangan*, harita pernah nelah sastra jaman Parahyangan.

Majalah-majalah jeung kalawarta anyar anu mimiti hirup deui sabada Indonesia merdéka, diantarana nya éta:

- 1) *Warga* (Bogor, 1951);
- 2) *Sunda* (Bandung, 1952);
- 3) *Candra* (Bogor, 1954);
- 4) *Kujang* (Bandung, 1956);
- 5) *Manglé* (Bogor, 1957);
- 6) *Kiwari* (Jakarta, 1957);
- 7) *Sari* (Bandung, 1963);
- 8) *Langensari* (Bandung, 1963);
- 9) *Sangkuriang* (Bandung, 1964);
- 10) *Baranangsiang* (Bogor, 1964);
- 11) *Campaka* (Bandung, 1965);
- 12) *Mingguan Sunda* (Bandung, 1966);

- 13) *Kutawaringin* (Subang, 1966);
- 14) *Wangsit* (Bandung, 1966);
- 15) *Hanjuang* (1971);
- 16) *Gondéwa* (1972);
- 17) *Giwangkara* (1973);
- 18) *Galura* (1974);
- 19) *Cupumanik* (2003).

Kiwarí éta media citak téh geus loba nu teu medal deui, iwal ti *Manglé, Kujang (Koran Sunda), Galura*, jeung *Cupumanik*.

Sabada kamerdékaan, loba pangarang nu nulis deui carita pondok. Salian ti digelar dina majalah jeung kalawarta, aya ogé kumpulan carita pondok anu dibukukeun. Buku kumpulan carita pondok Sunda anu munggaran nya éta *Dogdog Pangréwong* karangan G.S nu diterbitkeun ku Balai Pustaka taun 1930. Sedengkeun buku kumpulan carita pondok (cerita péndék) Indonésia nu judulna *Teman Duduk* karangan M. Kasim terbit dina taun 1936. Jadi kamekaran carita pondok Sunda leuwih tiheula genep taun batan carita pondok dina sastra Indonésia.

Di handap ieu ditataan ngeunaan kamekaran carita pondok Sunda ti mimiti gelar dina wangun buku kumpulan carita pondok katut pangarangna.

- (1) *Dogdog Pangréwong* (1930) karya G.S;
- (2) *Carita Biasa* (1959) karya R.A.F;
- (3) *Papacangan* (1960) karya Rusman Sutiasumarga;
- (4) *Hujan Munggaran* (1960) karya Ayatrohaédi;

- (5) *40 Dongéng Énténg ti Pasantréñ* (1961) karya R.A.F;
- (6) *Néangan* (1962) karya Caraka;
- (7) *Jurig* (1963) karya Tini Kartini;
- (8) *Béja ti Manéhna* (1964) karya Ki Umbara;
- (9) *Parawan* (1964) karya Yus Rusamsi;
- (10) *Di Luhureun Jukut Reumis* (1965) karya Yus Rusyana;
- (11) *Tamiang Meulit ka Bitis* (1965) karya Ermas;
- (12) *Teu Tulus Paéh Nundutan* (1965) karya Ki Umbara;
- (13) *Paséa* (1965) karya Tini Kartini;
- (14) *Diwadalkeun ka Siluman* (1965) karya Ki Umbara;
- (15) *Heuay* (1980) karya Eddy. D. Iskandar;
- (16) *Nu Teu Kungsi Kalisankeun* (1981) karya Abdullah Mustapa;
- (17) *Nu Tepung di Imah Dukun* (1983) karya I. Asikin;
- (18) *Nyi Karsih* (1984) karya Tini Kartini;
- (19) *Kanyaah Kolot* (1985) karya Yudibrata;
- (20) *Jajatén Ninggang Papastén* (1988) karya Yus Rusyana;
- (21) *Halimun Peuting* (1989) karya Ikandarwassid;
- (22) *Jiad Ajengan* (1991) karya Usép Romli;
- (23) *Panggung Wayang* (1992) karya Aam Amilia;
- (24) *Ceurik Santri* (1985, 1992) karya Usép Romli;
- (25) *Mirah Dalima* (1992) karya Kis. W.S;
- (26) *Serat Sarwa Satwa* (1995) karya Godi Suwarna;
- (27) *Oknum* (1998) karya Hadi. A.K.S;

- (28) *Nu Harayang Dihargaan* (1998) karya Darpan Ariawinangun;
- (29) *Pantun Pangrajah* (2002) karya Usman Supéndi;
- (30) *Anak Jadah* (2002) karya Cécép Burdansyah;
- (31) *Koruptor* (1959) karya Oom Somara de Uci;
- (32) *Anaking Jimat Awaking* (2002) karya Wahyu Wibisana;
- (33) *Paséa jeung Nyi Karsih* (2003) karya Tini kartini;
- (34) *Ajalna Sang Béntang Film* (2004) karya Duduh Durahman;
- (35) *Oléh-oléh Pertempuran* (2006) karya Rukmana H.S.

Salian ti kumpulan carita pondok karangan hiji pangarang, aya ogé kumpulan carita pondok anu mangrupa antologi, di antarana:

- 1) *Kanjut Kundang* (1963)
- 2) *Anting Péراك* (1996)
- 3) *Carécét Sulam* (1966)
- 4) *Demi Pasukan* (1996)
- 5) *Sawidak Carita Pondok* (1983)
- 6) *Peutingan* (1984)
- 7) *Guriang Tujuh* (1984)
- 8) *Ti Pulpén Tepi ka Pajaratán Cinta* (2002)
- 9) *Kanagan* (2003)
- 10) *Campaka Mangkak* (2003)
- 11) *Heulang nu Ngajak Béngbat* (2004)
- 12) *Surat keur ka Sawarga* (2004)
- 13) *Kembang Kadengda* (2007)

Nilik kana produktifitas lahirna buku kumpulan carita pondok Sunda di luhur, katitén aya mangsa kosong atawa teu medal-medalkeun deui karya dina waktu anu lila. Mangsa kakosongan éta anggangna salila 29 taun, nya éta antara buku kumpulan carita pondok nu munggaran jeung nu sapandeureunana. Lamun ditengetan sacara kronologis ti mimeti gelar buku carita pondok anu munggaran tepi ka taun 2000-an, kapanggih aya dua dekade anu kosong. Dékade medalna buku kumpulan carita pondok Sunda (Koswara, 2005: 11) bisa ditabélkéun saperti di handap ieu.

| DEKADE  |         |         |         |         |         |         |         |
|---------|---------|---------|---------|---------|---------|---------|---------|
| 1930-an | 1940-an | 1950-an | 1960-an | 1970-an | 1980-an | 1990-an | 2000-an |
| Aya     | Teu aya | Aya     | Aya     | Teu aya | Aya     | Aya     | Aya     |

Tina dekade pamedalan buku kumpulan carita pondok Sunda di luhur, katitén yén dekade 1940-an kosong ku pamedalan buku kumpulan carita pondok. Aya kamungkinan kosongna dekade éta balukar tina mangsa pergolakan pulitik (mangsa transisi kakawasaan), sedengkeun dina dekade 1970-an mah can bisa katitén naon anu jadi cukang lantaranana.

### 2.3.3 Ciri-ciri Carita Pondok

Nurutkeun Sumardjo jeung Saini K.M (1998: 36-37), ciri-ciri carita pondok téh nya éta:

- a. wangun fisikna pondok;

- b. sifat caritana naratif lain argumentatif;
- c. fiktif (rékaan);
- d. ngandung hiji kajadian.

Iskandarwassid (2003: 113) nétélakeun yén anu jadi ciri-ciri carita pondok téh nya éta:

- a. wangun karanganna pondok;
- b. sifat caritana prosa naratif;
- c. galur caritana relatif basajan;
- d. caritana museur kana hiji kajadian utama;
- e. palaku dina carita ukur dua atawa tilu.

Nilik kana éta pamadegan bisa dicindekkeun yén ciri-ciri carita pondok téh saperti kieu:

- 1) carita pondok mangrupa karangan rékaan, anu wangun fisikna pondok tibatan wangun prosa lianna. Ieu hal kawengku ku jumlah kecapna anu relatif pondok.
- 2) sifat carita dina carita pondok téh narasi anu fiktif (lain analisis argumentatif), analisis dina caritana teu bener-bener kajadian tapi kudu nyoko kana réalitas tur kaharti ku akal.
- 3) carita pondok kudu ngandung hiji kajadian, maksudna eusi carita pondok kudu museur kana hiji implengan anu hayang ditepikeun.

- 4) carita pondok kudu ngabogaan hiji palaku utama, lantaran dina carita pondok mah, kajadian anu digambarkeun kudu museur kana salasaurang palaku anu disebut palaku utama.
- 5) basa anu digunakeun dina carita pondok kudu singget, kaharti ku nu maca.
- 6) carita pondok mangrupa wangun karya sastra anu ngagunakeun media tinulis, lain lisan.

#### **2.4 Unsur-unsur Carita pondok**

Carita pondok anu hade tinangtu mibanda unsur-unsur pangwangun anu silih rojong jeung silih lengkepan. Carita pondok téh diwangun ku unsur intrinsik jeung unsur ektrinsik. Unsur intrinsik mangrupa unsur pangrojong dina karya sastra, sedengkeun unsur ektrinsik mangrupa unsur pangrojong saluareun karya sastra.

Aya sababaraha pamadegan nu nétélakeun ngeunaan unsur-unsur anu ngawangun carita pondok.

Nurutkeun Sumardjo jeung Saini K.M (1998: 37) unsur-unsur nu aya dina carita pondok téh ngawengku :

- a. kajadian carita (galur atawa plot);
- b. tokoh carita (karakter);
- c. téma carita;
- d. suasana carita;
- e. latar carita;

- f. puseur implengan (*point of view*);
- g. gaya (*style*) pangarang.

Lubis (1996: 93-94) nyebutkeun yén unsur-unsur anu kudu aya dina carita pondok nya éta:

- a. kajadian utama nu jadi pokok jalan carita;
- b. palaku utama;
- c. caritana mundel;
- d. gabungan tilu hal di luhur nepi ka bisa nimbulkeun hiji kesan.

Dumasar kana pamadegan di luhur, bisa dicindekkeun yén anu kaasup kana unsur-unsur intrinsik carita pondok téh nya éta téma, plot (galur atawa jalan carita), latar (tempat jeung waktu), palaku atawa tokoh jeung penokohanana, gaya, jeung puseur implengan (*point of view*). Tapi pikeun tujuan panalungtikan anu baris dipedar téh unsur intrinsik anu ngarojong kana panalungtikan, nya éta tokoh katut penokohanana.

## 2.5 Tokoh jeung Penokohan

Tokoh atawa palaku dina hiji carita rékaan ngabogaan pancén pikeun ngalakonan atawa mawa téma carita ku sasaran anu tangtu. Ku sabab kitu, lamun aya carita anu euweuh palakuna tangtu bakal héngkér, mawa masalah kana tujuan anu rék dihontal.

Nurutkeun Iskandarwassid (2003: 25) tokoh carita atawa palaku nya éta ngaran-ngaran (jalma) anu ngalalakonan dina carita (dongéng, carita pondok, novel atawa roman, wawacan) atawa drama.

Sedengkeun Jakob Sumardjo jeung Saini K.M. (1998: 144) nétélakeun yén tokoh dina carita téh nya éta jalma anu nyokot bagéan jeung ngalaman kajadian-kajadian atawa sabagian tina kajadian anu digambarkeun dina galur. Tokoh dina carita aya anu boga kalungguhan salaku protagonis jeung antagonis. Protagonis nya éta tokoh mimiti atawa tokoh utama anu boga pancén ngajalankeun carita. Sedengkeun antagonis nya éta tokoh kadua, saingen atawa nu sok jadi hahalang sarta masalah pikeun protagonis dina ngahontal cita-citana.

Tokoh- tokoh carita miboga watek sewang-séwangan, saluyu jeung rupa-rupa watek nu ilaharna aya dina diri manusa, misalna waé bageur, jahat, sabar, tabah, wanian, borangan, licik, jujur, jeung sajabana.

Penokohan atawa karakterisasi nya éta cara pangarang nempatkeun tokoh-tokoh kalawan watek anu tangtu dina hiji carita. Aya sababaraha cara nu dipaké ku pangarang dina mintonkeun tokoh, di antarana:

- 1) cara analitik, nya éta cara nampilkeun tokoh sacara langsung ditepikeun ku pangarang kalawan nyebutkeun ciri-ciri éta tokoh;
- 2) cara dramatik, nya éta cara nampilkeun tokoh sacara teu langsung, tapi ngaliwatan gambaran omongan (ucapan), paripolah atawa tindakan, sarta koméntar ti tokoh séjén.

Lian ti cara di luhur, aya deui cara séjén pikeun néangan gambaran penokohan atawa karakterisasi tokoh. Sumardjo jeung Saini KM (1998: 65) boga lima cara pikeun nangtukeun karakteristik tokoh, nya éta:

- 1) tina paripolah, sifat hade jeung goréng tokoh bakal kapanggih tina sikep jeung tindakanana;

- 2) tina omonganana, hade goréngna watek tokoh bisa kagambar tina ucapanana sabab ucapan téh mangrupa ébréhan tina haté;
- 3) tina dedeg-pangadegna, misalna wae tina pakéanana, awakna, atawa rupana;
- 4) tina pikiranana, tokoh bakal katémbong daya intelektual jeung cara mikirna nu bisa ningalikeun pribadina;
- 5) tina keterangan torojogan anu ditepikeun ku pangarang.

### **2.5.1 Tokoh Utama**

Tokoh atawa palaku utama nu sakapeung sok disebut protagonis téh nya éta palaku anu nyekel peran utama ti awal nepi ka ahir carita (Iskandawassid, 2003: 25). Watek tokoh utama dina kagemblengan leunjeuran carita, biasana luyu jeung tatakrama dina kahirupan sapopoé. Ilaharna tokoh utama sok dipikaresep ku nu maca lantaran boga sifat-sifat anu hadé.

Dumasar kana pamadegan di luhur, bisa dicindekkeun yén tokoh utama nya éta tokoh anu jadi puseur implengan tur ngaluluguan dina kagemblengan leunjeuran carita, nu sok dipikaresep ku nu maca.

### **2.5.2 Tokoh Tambahan**

Ilaharna dina hiji carita nu biasa diperhatikeun téh tokoh utama atawa protagonis jeung tokoh kadua anu sakapeung sok disebut antagonis (lamun posisina jadi lawan tokoh utama). Pamaca sok tara sadar yén aya tokoh séjén anu ngarojong kana posisi tokoh utama. Tokoh séjén ieu nya éta tokoh tambahan.

Nurutkeun Isakandarwassid (2003: 25), nu disebut tokoh tambahan nya éta para palaku anu peranna teu pati penting.

Dumasar kana pamadegan di luhur, ku sabab teu penting téa, tokoh tambahan sok tara jadi perhatian anu maca. Padahal bisa jadi éta tokoh tambahan ngalungguhan posisi tokoh kapercayaan (*confidante*). Confidant nya éta tokoh anu peranna teu sabaraha, tapi jadi kapercayaan tokoh utama, marengan, batur nyarita sarasiah dina nembrakkeun angen-angen, kahayang, kabungah, jeung katugenah (Iskandarwassid, 2003: 26). Ayana tokoh tambahan anu ngalungguhan posisi *confidant* ieu bisa waé ngagambarkeun eusining ati tokoh utama.

## 2.6 Ajén Patriotis

### 2.6.1 Wangenan Ajén Patriotis

Patriotis asalna tina kecap patriot, hartina nu micinta lemah cai. Patriotis nunjuk kana sifat cinta ka lemah cai. Jadi patriotis nya éta hiji sikep atawa tindakan nu dipibanda ku hiji jalma nu bélá sagala rupa ka lemah cai tandaning nyaah tur cinta ka lemah caina.

Dina buku kumpulan carita pondok *Oléh-oléh Pertempuran* kagambar sumanget bélá ka lemah cai pikeun ngabéla kamerdékaan. Sumanget anu ngagedur ti rahayat anu karék nyangking sarta mertahankeun kamerdékaan. Radikalismeu para pamuda Sunda dina ngarebut senjata prajurit Jepang, pertempuran ngalawan sekutu anu ngaboncéng Walanda, sarta anu ngorbankeun raga dina aksi bunuh diri pikeun kapentingan balaréa, jeung tindakan-tindakan

séjén lainna mangrupa bukti yén patriotisme geus ngagurat batu ngadaun ngora dina jiwa para pajuang revolusi.

Carita-carita Rukmana H.S dina *Oléh-oléh Pertempuran* ngaguar ajén-ajén patriotis nu aya dina diri rahayat Jawa Barat dina mangsa révolusi. Ajén patriotis anu tumuwuh dina diri tokoh atawa palaku carita patali jeung sababaraha hal, saperti tanggung jawab, sora batin, jeung kawajiban.

### **2.6.2 Léngkah Nyungsi Ajén Patriotis Tokoh Utama jeung Tokoh Tambahan**

Tindakan-tindakan tokoh utama jeung tokoh tambahan anu ngagambarkeun kapatriotisanana dina kumpulan carita pondok *Oléh-oléh Pertempuran* baris kapaluruh sangges ngaliwatan sababaraha léngkah. Léngkah kahiji, nyirian ébréhan sikep tokoh utama jeung tokoh tambahan nu némbongkeun sumanget jeung kawanina dina unggal carita. Lengkah kadua, nyirian tindakan-tindakan tokoh utama jeung tokoh tambahan anu ngébréhkeun rasa cinta ka lemah caina. Lengkah katilu, nyirian sawangan atawa koméntar nu ngébréhkeun sumanget atawa cintana tokoh utama jeung tokoh tambahan ka lemah cai. Léngkah kaopat, unggal data nu kapanggih dikumpulkeun tuluy dibéré kode anu tangtu dumasar kana tanda salaku unsur semiotik.

### **2.7 Pamarekan Objektif Ajén Patriotis Kumpulan Carita Pondok *Oléh-oléh Pertempuran***

Pamarekan nya éta salasahiji tatapakan anu digunakeun dina prakna apresiasi hiji karya sastra (Aminudin, 2002: 94). Dina panalungtikan sastra, aya

opat pamarekan anu diébréhkeun ku Abrams (dina Teeuw, 2003: 43) di antarana nya éta:

- a. *pendekatan yang menitikberatkan pada karya itu sendiri; disebut pendekatan objektif;*
- b. *pendekatan yang menitikberatkan penulis; disebut pendekatan ekspresif;*
- c. *pendekatan yang menitikberatkan semesta; disebut pendekatan mimetik;*
- d. *pendekatan yang menitikberatkan pembaca; disebut pendekatan pragmatik.*

Dumasar kana opat pamarekan di luhur, dina ieu panalungtikan baris digunakeun pamarekan objéktif, nya éta pamarekan anu muser atawa nyawang karya sastra minangka hiji hal anu mandiri, otonom, bébas dina dunya pangarang, nu maca, jeung dunya sabudeuraunana (Pradopo, 2001: 94).

Nurutkeun Ratna (2004: 73) nu disebut pamarekan objektif nya éta pamarekan anu museurkeun paniténnna kana unsur-unsur karya sastra, tapi unsur intrinsikna wungkul.

## 2.8 Semiotik

### 2.8.1 Wangenan Semiotik

Kecap semiotik asalna tina basa Yunani nya éta *semeion*, anu hartina tanda. Semiotik nya éta élmu anu maluruh ngeunaan tanda. Semiotik mangrupa cabang élmu anu maluruh sistem-sistem, aturan-aturan, sarta konvénsi-konvénsi

anu boga kamungkinan mangrupa tanda nu miboga harti. Ratna (2004: 97) nétélakeun semiotika dina harti jembar: "*sebagai teori, semiotika berarti studi sistematis mengenai produksi dan interpretasi tanda, bagaimana cara kerjanya, dan apa manfaatnya terhadap kehidupan manusia.*

Tanda miboga dua aspek, nya éta *penanda (signifier)* jeung *petanda (signified)*. *Penanda* nya éta bentuk formal nu nandaan hiji hal nu disebut *petanda*, sedengkeun *petanda* mangrupa hiji hal nu nuduhkeun harti (Jabrohim, 2001: 68).

Dina karya sastra basa mangrupa alat pikeun nepikeun hiji amanat. Saenyana basa téh mangrupa tanda-tanda anu geus disaluyuan pikeun ngedalkeun hiji pikiran. Sedengkeun media anu dipaké pikeun ngedalkeunana bisa mangrupa kecap, gambar, kalimah, jeung réngkak paripolah.

Dumasar kana pamadegan para ahli ngeunaan wangenan semiotik, bisa dicindekkeun yén semiotik téh nya éta élmu anu maluruh ngeunaan tanda atau sistem tanda anu ngandung aspek formal (*penanda*) jeung konseptual (*petanda*) dumasar kana konvénsi sosial jeung individual.

### 2.8.2 Unsur Semiotik

Jenis-jenis tanda dumasar kana hubungan *penanda* jeung *petandana* nya éta:

- a. ikon, nya éta tanda anu némbongkeun hubungan nu sifatna alamiah antara *penanda* jeung *petandana*. Hubunganana disebut hubungan persamaan.

Misalna potrét nandakeun aya anu dipotréti, gambar tangkal nandakeun tangkal;

- b. indéks, nya éta tanda nu némbongkeun kausalitas (sebab-akibat) antara *petanda jeung penanda*. Misalna mun aya haseup berarti aya seneu; jeung
- c. simbol, nya éta tanda nu némbongkeun taya hubungan alamiah antara *penanda jeung petandana*, tapi aya hubungan tanda nu ditangtukeun ku konvénsi masarakat nu tangtu (Jabrohim, 2001: 68).

Tilu jenis tanda di luhur bisa disederhanakeun ku Ratna (2004: 101) saperti di handap ieu.

- a. ikon, hubungan tanda jeung objék nu sarupa, misalna foto;
- b. indeks, hubungan tanda jeung objék lantaran hubungan sabab-akibat, saperti haseup jeung seneu;
- c. simbol, hubungan tanda jeung objék lantaran kasapukan hiji masarakat, misalna bandéra.

Dina ieu panalungtikan, kumpulan carita pondok *Oléh-oléh Pertempuran* baris dianalisis kalawan museur kana kajian struktural semiotik. Strukturalisme teu bisa leupas tina semiotik, kitu ogé sabalikna. Junus (dina Jabrohim, 2001: 67) nétélakeun yén semiotik téh mangrupa *perkembangan* tina strukturalismisme. Téori strukturalisme napak kana hiji prinsip yén téks sastra mangrupa hiji-hijina jalan pikeun néangan ma'na. Téks sastra nya éta dunya kecap. Média basa dina karya sastra mangrupa tanda dina ulikan semiotik.